

# Konnen Siy Avètisman yo Pandan ak Apre Gwosès la — Yo Kapab Sove Lavi Ou

**Prete atansyon ak kò ou epi mache sou lide w.** Kò w sibi anpil chanjman pandan w ansent epi rive jiska yon (1) lane apre akouchman an. Siy avètisman sa yo ka vle di ou menm ak tibebe w la gen pwoblèm ki pi grav, epi pwoblèm sa yo ka prezante menas pou lavi nou.

## Gwo tèt fè mal oswa chanjman vizyon



- Ou gen yon gwo tèt fè mal bridsoukou
- Ou gen yon tèt fè mal ki agrave menm lè w fin pran medikaman
- Vizyon ou chanje

## Malèz nan pwatrin oswa nan kè



- Ou gen doulè nan pwatrin
- Vitès batman kè w twò rapid oswa ou gen palpitasyon

## Kriz



- Ou fè mouvman ou pa abitye fè, tankou tranbleman oswa sakad
- Bagay k ap pase ozalantou w bwouye ou

## Difikilte pou respire



- Ou gen difikilte pou respire oswa ou santi w pa kapab pran souf

## Lafyèw



- Ou gen yon lafyèw 100.4 degre Farenay (oswa 38 degre Sèlisyis) oswa plis

## Ide ki twoublan\*



- Ou anvi touye tèt ou
- Ou anvi fè tèt ou, tibebe w la oswa yon lòt moun mal

\*Si ou menm oswa yon moun ou konnen panse pou touye tèt li, kontakte NYC Well pou pale ak yon konseye 24 sou 24, 7 sou 7: Rele nan 888-692-9355, voye mesaj tèks "WELL" nan 65173 oswa tchat sou [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).

Si ou menm oswa yon moun ou konnen gen risk imedyata oswa an danje imedyata, ale nan ijans lan oswa rele **911**.

## Gwo vant fè mal oswa kè plen



- Ou gen gwo vant fè mal ki pa pase
- Ou gen gwo kè plen oswa vomisman ki fè w pa ka manje oswa pa ka kenbe manje nan vant ou

## Endispozisyon oswa tèt vire



- Ou anvi endispoze, ou endispoze oswa ou pèdi konesans
- Ou gen tèt vire oswa ou toudi, epi li kontinye san rete

## Anflamasyon



- Bra w oswa janm ou wouj oswa anfle, li ka sansib oswa cho lè ou manyen li
- Men w ak dwèt ou yo tèlman anfle anpil ou pa kapab koube dwèt ou ni ou pa kapab mete bag
- Figi w ak tout je ou anfle
- Bouch ou, po bouch ou oswa lang ou anfle

## Fatig



- Ou gen gwo fatig ki pa amelyore apre w fin repoze

## Chanjman nan mouvman tibebe a (si w ansent)



- Tibebe a bouje mwens pase jan l abitye bouje

## Senyman oswa ekoulman nan vajen



- Ou bay ekoulman nan vajen ki gen move sant
- Ou gen san oswa likid k ap soti nan vajen ou (pandan w ansent lan)
- San ou bay nan vajen an mouye tranp youn oswa plizyè kontèks chak èdtan (apre gwosès la)
- Ou bay kayo san ki gwosè youn ze oswa ki pi gwo (apre gwosès la)

## Pwoblèm pou ensizyon sezaryèn nan oswa epizyotomi an geri



- Ou gen ensizyon sezaryèn ki pa geri
- Kote yo repare epizyotomi an (bouboun chire) pa geri

Prete atansyon ak kò ou. Si w gen **nenpòt** nan siy avètisman sa yo, kontakte pwofesyonèl swen sante w la lapoula oswa rele **911**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "**maternal health**" (sante manman).

**NYC**  
Health